ki gën a woyof mbugal ci waa sawara mooy ki am ñaari dàll ak ñaari waroy dàll yu sawara, yuuram gi di ci bax kem ni cin di baxe, ba du foog ne kenn a ko gën a tar mbugal, te moo leen gën a woyof mbugal

Jële nañu ci An-Nuhmaan Ibn Basiir yal na ko Yàlla dollee gërëm mu wax ne, Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc nee na: «ki gën a woyof mbugal ci waa sawara mooy ki am ñaari dàll ak ñaari waroy dàll yu sawara, yuuram gi di ci bax kem ni cin di baxe, ba du foog ne kenn a ko gën a tar mbugal, te moo leen gën a woyof mbugal».
[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc day xibaare ne ki gën a woyof mbugal ci waa sawara ëllëg bis-pénc mooy ki am ñaari dàll ak ñaari waroy dàll yuuram di bax ngir seen tàngaay, kem ni cinu përëm di baxe, ba du gis ne kenn gën na ko a tar mbugal, fekk moo leen gëna tar mbugal, loolu nag ngir mbugalu yaram ak mu xel daje ci moom.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/4220